

# Gid pou Aprann Eksplorasyon

## Bessie's House "Kay Bessie"



**Pretand jwe** ede timoun lan trete mond lan nan fason pa yo, devlope mis ki laj e piti, e pratike konpetans panse yo ki enpòtan. Nan okenn nan ekzibit sa yo, ou bati konpetans pou kapab panse kreyativman lè w'ap rakonte istwa, pratike konpetans matematik senp, ankouraje konpetans sosyal-emosyonèl, a fè obsèvasyon sou kòman mond lan opere.

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Train Room "Chanm Tren"**

- Pale de anvirònman vrè mond lan (egz. motè tren, tikè pou fenèt) ke ou ladan'l. Eske li menm a yon kote ke ou te ye deja?
- Kilè tren'w lan ap pati? Eske ou kapab mete tren an nan yon orè e jwenn chak lè sou revèy la?
- Deside kote ou vle ale e mete chemen an nan almanak Eske ou ap rete pou vizite fanmi ak zanmi nan chemen an?

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Bessie's Diner "Dine Bessie"**

- Imajine ke ou se yon gwo kwizinye k'ap fè yon klas kwizin. A ki engredyan ke w'ap sèvi? Ki etap w'ap pran pou resèt ou - kisa w'ap fè anvan, apre, e an dènye?
- Si ou sèvi oubyen mannje yon manje nan yon restoran, konbyen ke manje an ap koute? Eske ou kapab kontwole pri an?
- Ki diferan wòl ke ou pakab bezwen pou dirije yon restoran? Sa nou dwe fè si nou tou lè de vle jwe menm wòl? Ki wòl mwen dwe jwe?

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Ship Room "Chanm Bato"**

- Imajine ke ou se yon maren nan lanmè. Ki tip de travay ke ou ta fè pou ede bato an rive an sekirite? Eske ou konnen okenn moun ki gen yon travay konsa?
- Prepare vwayaj ou lè ou grenpe nan nick pa anlè bato an pou obsève jan tan ye pou jodi a. Ki koulè syèl la ye? Ki tip de nyaj ke ou wè?
- Eksplore kijan pou kominike ak drapo bato yo. Konsilte alfabet drapo yo pou kapab dekode tout drapo yo.

# Fouye pi fon

## Reflete e kominike

Kisa ki te kote favori'w pou eksplor e jwe nan Kay Bessie?  
Kisa ke ou renmen de li?

## Fè koneksyon

Ale nan Atelye da Vinci pou kapab kreye yon antre ki pafè pou jwe nan Kay Bessie. Kontinye eksplor konsèp Matematik lè ou ale pran enpe "krèm a glas" nan ekzibit Scoops nan Wi! Se Matematik. Vizite Pye Bwa Discovery pou kapab agrandi obsèvasyon'w nan tan e konpare viszyon'w de Nich bato an nan Chanm Bato an sa ke ou wè nan Kay Pye Bwa Discovery.

## Eskplore plis lakay ou

Envestige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Pale a fanmi'w de manje prefere'w e prepare yo ansanm. Pratike li yon resèt e sèvi ak zouti pou mezire oubyen lòt zouti nan kwizin lan. Fè yon ti kan nan salon'w. Ki zouti ke w'ap bezwen pou bati yon tant? Gade tan ki deyò a pou enspire preparasyon'w. Kijan ke ou kapagb aprann plis sou travay pou fè nanb jwèt ke w'ap jwe a? Chache liv ki enkli karaktè nan wòl sa yo, oubyen pale ak manb fanmi, zanmi, oubyen vwazan sou karyè sa yo.

Pandan ke ounmenm ak pitit ou angaje nan ekzibit yo nan Kay Bessie ou kapab eksplor konsèp ki konekte ak Gid MA pou lekòl matènèl ak Jaden d'anfan pou Eksperyans aprantisaj yo, Kourikoulòm pou Syans ak Teknoloji/Jeni nan Massachussets, Kourikoulòm travay pou Matematik, ak Travay pou lang Anglè ak alfabetizasyon pou Massachusetts e ki anseye nan avan janden d'anfan, Jaden d'anfan ak 1e Ane.